Mombe yamai

naChenjerai Mazambani

Mombe yamai

naChenjerai Mazambani

Mifananidzo naKudakwashe Chuma

www.bhabhubooks.com

Copyright © 2013, Bhabhu Books. All rights reserved.

No part of this publication can be reproduced, stored in a retrieval system, or transmitted in any form or by any means — electronic, mechanical, photocopying, recording or otherwise — without prior permission of the Publisher.

ISBN 978-0-7974-5336-4

Printed in Harare, Zimbabwe



Mombe yamai yaive tsvuku. Yaive nenyanga dzakatarisa pasi.

Zita rayo yainzi Roora. Yainge yave nezamu rakura. Mazuva ayo ekubereka ainge ave pedyo.

Rimwe zuva baba vaTanatswa vakazarura mombe yamai pamwe chete nedzimwe. Dzakanga dziri nguva dzemangwanani. Roora yakanga iine bhero muhuro.

"Tanatswa huya tiende kunofudza mombe," vakadaro baba vake. Tanatswa akaridza muridzo wekudana imbwa. Imbwa yavo yainzi Chisa. Imbwa yakamutevera nababa vake voenda kunofudza mombe.

Paifamba Roora wainzwa bhero kuti ngendere, ngendere, ngendere. Payaizvikwenya, bhero rairira kuti nge ngendere, nge ngendere, nge ngendere

Tanatswa paakaona dzimwe mombe dzisina mabhero akabvunza baba vake kuti, "Ko makaisirei Roora bhero?"

"Ndakaitira kuti kana yarasika kumafuro ndinonzwa bhero kurira ndokurumidza kuiwana." Baba vaTanatswa vakapindura.

Tanatswa akaenderera mberi achibvunza, "Ko munoziva sei kuti bhero riri kurira ndera Roora iko kuine dzimwe mombe dzine mabhero kumafuro?"

Baba vakafarira mubvunzo waTanatswa ndokuti, "Ko iwe unoziva sei inzwi rangu ndichitaura nevamwe vanhu vakuru tiri pausingationi?"

Tanatswa akati, "Ndinoziva inzwi renyu nekuti ndarijaira, handiti tinogara tese?"

Baba vaTanatswa vakanyemwerera ndokuti, "Neniwo ndinoziva marariro ebhero raRoora nekuti ndaajaira, handiti ndinogara nayo?"

Tanatswa akanyemwerera.

Mombe yamai yainge isingachadi kufura pamwe nedzimwe. Yaifarira kunwa mvura yakawanda. Roora yaiti ikati fambe-fambe, yombomira mubvute. Pamwe pacho yaipota ichimborara nekuti zamu rayo rainge rakura zvekuda kubereka.

Payairara, yaitanga yazunza musoro. Wainzwa bhero kuti ngende ngende. Yaibva yati gwadagwa yovata.

Zuva rakatevera Tanatswa akamuka mangwanani zuva rachangobuda. Paakatarisa kudanga akaona Roora yakamira nechimhuru chitsvuku.

Akadaidzira mai vake, "Amai! Amai! Mombe yenyu yakabereka! Ine chimhuru chitsvuku."

Amai pavakanzwa izvi vakati, "Urururu! Urururu!" vachiridza mhururu. Tanatswa akanga akatarisa amai vake vachiridza mhururu akati, "Muri kuridza mhururu?"

Amai vakati, "E-e mwanangu."

"Kuti zvigoita sei?" Tanatswa akabvunza. "Ndiri kufarira kuti danga rakura mwanangu." Amai vakapindura.

Tanatswa akashamisika ndokuti, "Danga rakura imi musina kumbowedzera kuvaka, harina kumbokura wani?" Amai vakaseka ndokuti, "Kuwanda kwemombe ndiko kukura kwedanga mwanangu."

"Ho-o mhururu ndeyekuti mombe dzawanda?" Tanatswa haana kuzomira. Akabva angomhanya akananga kudanga. Akangosvikoona mhuru ndokudzoka achimhanya ndokuti, "Ndaona Roora ichinanzva mhuru yayo. Mhuru yakabva yatanga kunwa mukaka."

Mushure memazuva matatu, baba vaTanatswa vakatora tambo yekusungisa mombe pakukama.



Vakati, "Tanatswa piwa hamiro namai vako tinokama mukaka wemanhombwe."

Tanatswa akaseka ndokuti, "Hamiro chii nhai baba?"

"Hamiro ihari yekukamira mukaka mwanangu. Asi isu mazuva ano tave kukamira muzvigaba, saka ndizvo zvatave kuti hamiro."

"Ko mukaka wemanhombwe wakaita sei nhai baba?" Baba vakati, "Mukaka wemanhombwe unokamwa mombe iine mazuva matatu yabereka. Unoiswa pamoto wosanganiswa nehupfu kuti unyatsokora. Vana munozotemana nawo

muchidzingirirana. Izvozvo tinozviitira kuti mhuru ingware."

"Saka ndizvo zvatichaita?" Tanatswa akabvunza. "Hongu mwanangu uchatonodana vamwe vako kana tapedza kukama."

Roora yakapedza kukamwa. Mai vaTanatswa ndokubika manhombwe.

Kwezuva iri, vana vakafara vachidzingirirana pachivanze. Vainge vachitemana nemanhombe kuti mhuru ingware.

Mai Tanatswa vakaudza muvakidzani wavo akanga auya kuzovaona kuti, "Mai Sunganai, mombe yangu yakabereka. Ndeiya yekubva kumukwasha pakuroorwa kwaMaria. Ndiyo yatakatumidza kuti Roora. Takaiti Roora nekuti imombe yeroora."

Wakanga uri musi weMugovera mangwanani. Tanatswa akaona baba vake vachizarura Roora yega

akati, "Ko munoizarurirei yega dzimwe dzichisara mudanga?"

Baba vaTanatswa vakati, "Ndiri kuda kuti ifure kuti tigowana mukaka wakawanda pakukama."

Tanatswa akati, "Mhuru yayo inosara?"

"Hongu mhuru yayo inosara. Paya patinotenhera mombe manheru ndipo patinotsaura mhuru toiisa mudanga mayo. Tinozoipa mai vayo tave kukama."

Zuva zvarakange rakwira, baba vaTanatswa vakatinha Roora iyo yaingopota ichiti, "Mhu-u-u-u! mhu-u-u-u."

Ukuwo mhuru yayo yaidavira ichiti, "Me-e-e-e! Me-e-e-e!"

Tanatswa akavhurira mhuru. Baba vake vakasunga makumbo aRoora. Mhuru ikatanga kunwa mukaka.

Vakadzinga mhuru, vakagara pachituru ndokutanga kukama mukaka. Pavakaona mukaka usingachabudi vakamborega mhuru ichinwa.

Tanatswa akati, "Ko munorega mhuru ichinwa tisati tapedza kukama?"

"Hongu mwanangu ndiko kunonzi kusisidzira. Tinenge tichida kuti isise. Kusisa ndiko kubuda mukaka wakawanda. Unofanira kuziva kuti mukaka wemusisidziro hauwandi sewepakutanga uye mombe haisisidzirwi kaviri. Tinenge tichida kusiira mhuru mukaka. Uye hapasi pese patinongosisidzira mombe."

Pavakazadza chimugomo vakasunungura mombe ndokudzokera kumba nemukaka.



Vapedza kunwa svutugadzike, Tanatswa akazarura mombe kuti dzifure. Akangoti achidzivhurira, mhuru yaRoora yakabuda ichimhanya ichikava-kava. Tanatswa akadaidzira baba vake, "Baba! Baba honai zviri kuita mhuru yaRoora!

Baba vaTanatswa vakati, "Zvairi kuita izvi ndiwo unonzi murambamhuru. Zvinoreva kuti yakangwara."

Tanatswa akafara ndokuti, "Ndazoziva kuti tisu takaingwadza paye pataitemana nemanhombwe."

Baba vakati, "Inotevedzera kumhanya kwamaiita muchidzingirirana paye pamaitemana nemanhombwe.''

Tanatswa akaswera achifudza mombe. Haana kurasa mombe kusvika zuva radoka.


BHABHU BOOKS